



Aktivite sou videoyo « Lang kreyòl la se baton ki nan men nou »

- 1- Tanpri, gade videoyo a byen ansanm ak resous « [Tout moun se moun](#) » ak « [Gen nèg ak nèg](#) » epi esplike ki jan, ou menm, ou konprann istorik mo « ras » la nan lang kreyòl la ? Nan analiz ou sou resous sa yo, ki diferans ou jwenn ant sans mo « ras » an kreyòl ak mo « race » an franse ? E ki diferans ou jwenn ant itilizasyon mo « nèg » an kreyòl ak itilizasyon mo « nègre » an franse ?
- 2- Lè n konsidere diferans ant mo « ras » an kreyòl ak mo « race » an franse nan kad analiz Pwòf Michel DeGraff nan videoyo a ansanm ak istorik kolonyal peyi d Ayiti, sanble ka gen menm kalite diferans sa yo ant mo « kreyòl » an kreyòl ak mo « créole » an franse — sitou lè mo franse « créole » la soti nan bouch blan save k ap defann gwojemoni kolonyal la. Esplike ki sa ou menm ou wè kòm diferans ant mo « kreyòl » nan lang kreyòl la (sitou nan pwovèb Pwòf DeGraff site yo) ak mo « créole » nan lang franse a (sitou nan kad prejije rasis dapre analiz Pwòf DeGraff nan videoyo a) ?
- 3- Nan videoyo a, Pwòf Casimir di chak pèp gen eleman nan kilti 1 ki makonnen ak lang li pale a. Li te pran egzanp *Aylou* nan Bolivi pou 1 ilistre pawòl sa a. Nan ka pa nou ann Ayiti, ki eleman kon sa (eleman nan kilti n) nou jwenn ki makonnen ak lang kreyòl la ? Èske w ka idantifye senk nan eleman sa yo epi esplike ki enpak yo chak genyen sou idantite n kòm Ayisyen, epi esplike pou ki sa zansèt nou yo te konn itilize yo epi pou ki sa n kontinye itilize yo ?

Se Djeride Jean-Baptiste ki elabore kesyon sa yo.